# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के जनसेवा कै 25 बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में भारतीय जनता पारटी क महिन्ना भर चले वाला राष्ट्रव्यापी 'सेवा संकल्प अभियान' आजु से सुरू हो गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ रक्षा मंत्री राजनाथ सिह आजु वाराणसी से प्रदेसव्यापी अभियान क सुभारम्भ कइलें। येह कार्यक्रम में आंध्र प्रदेस कै मुख्यमंत्री एन चंद्रबाबू नायडू, केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान आ भाजपा क प्रदेस अध्यक्ष पंकज चौधरियो सामिल भइलें। येह मौका पर काशी विश्वनाथ धाम में खास पूजा–अर्चना कइल गइल आ धाम क पुरोहित, आचार्य लोगि अउरी स्वच्छता कमिरयन के सम्मानित कइल गइल। सथहीं वाराणसी से गुजरात के वडनगर क सेवा जतरो पर निकरल बाइकर्स के रवाना कइल गइल। येह दौरान अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने जतरा के बिना रूके आ बिना थके आगे बढ़वले हवें।

***यह वर्ष हमारे लिए अत्यंत महत्वपूर्ण वर्ष है। हेड ऑफ द स्टेट के रूप में आदरणीय प्रधानमंत्री जी के सेवा संकल्प के 25 वर्ष पूरे होने जा रहे हैं, 7 अक्टूबर 2026 को। 7 अक्टूबर 2001 को गुजरात के माननीय मुख्यमंत्री के रूप में मोदी जी ने शपथ ली थी। और तब से बिना रुके, बिना झुके, बिना डिगे चरैवेति चरैवेति के इस मंत्र के साथ उन्होंने अपनी इस यात्रा को आगे बढ़ाया। अपने तप से, अपने परिश्रम से, अपनी साधना से और आज भारत के यशस्वी प्रधानमंत्री के रूप में उनकी यह गौरवशाली यात्रा हम सब 140 करोड़ भारतवासियों को एक नए भारत का दर्शन करा रहा है।***

येह अवसर पर अपने सम्बोधन में रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पछिला पचीस बरिस से लगतारे जनसेवा आ राष्ट्र सेवा कई रहल हवें।

***साथियों, मोदी जी पहले 13 वर्षों तक गुजरात के मुख्यमंत्री रहे और पिछले 12 वर्षों से भारत के प्रधानमंत्री के रूप में वह अपनी भूमिका का निर्वाह कर रहे हैं। यानी 25 वर्षों में अनवरत उन्होंने जनसेवा का काम किया है। और आज भारत को ऐसे हालात में पहुंचा दिया है कि अंतरराष्ट्रीय मंच पर आज भारत जो कुछ भी बोलता है, भारत की बातों को बहुत ही गंभीरता पूर्वक सुना जाता है।***

येह मौका पर प्रधानमंत्री कै जनसेवा से राष्ट्र सेवा क पचीस बरिस पर आधरित प्रदर्सनियो क आयोजन कइल गइल।

**********

देसव्यापी 'सेवा संकल्प अभियान' के तहत प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में कई गो आयोजन कइल जा रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***सेवा संकल्प अभियान के तहत उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक ने लखनऊ के सिविल अस्पताल में आज रक्तदान शिविर का शुभारंभ किया। उप मुख्यमंत्री के निर्देश पर प्रदेश के सभी जिलों के अस्पतालों में रक्तदान शिविर के आयोजन किए गए और मरीजों में फल भी वितरित किए गए। इसी क्रम में अयोध्या के श्रीराम जन्मभूमि मंदिर परिसर में स्वच्छता अभियान चलाया गया। चंदौली जिले में इस अवसर पर मंदिर परिसरों में श्रमदान किया गया। अभियान के तहत प्रदेश में अगले एक महीने तक स्वच्छता, पौधरोपण और जनसेवा से जुड़े विविध कार्यक्रम आयोजित किए जाएंगे। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

आजु विश्वकर्मा जयंती मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर में आयोजित विश्वकर्मा पूजनोत्सव कार्यक्रम में सामिल भइलें। अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देस क सज्जो हस्तसिल्पियन आ कारीगरन के 'पीएम विश्वकर्मा' के रूप में एगो प्लेटफार्म उपलब्ध करववले हवें।

***नए भारत में प्रधानमंत्री मोदी जी ने आप सभी हस्तशिल्पी और कारीगरों को पीएम विश्वकर्मा के रूप में एक प्लेटफार्म उपलब्ध करवाया है। प्रधानमंत्री जी का कहना है कि जो भी देश अपने हस्तशिल्पी और कारीगरों को, अपने आर्टिजन्स का सम्मान करता है, वह आगे बढ़ता है। और इसीलिए चाहे वह विश्वकर्मा श्रम सम्मान के माध्यम से आज आपने देखा होगा, चाहे वह राजमिस्त्री हो, चाहे वह लकड़ी का कार्य करने वाला बढ़ई हो, चाहे वह हलवाई हो, चाहे वह सुनार का काम करने वाला स्वर्ण व्यवसायी हो, कारीगर हो, या फिर समाज के अंदर ऐसे तमाम कारीगरी है जो कारीगरी इस समाज के स्वावलंबन का आधार बनी थी।***

येह बिच्चे, पीएम विश्वकर्मा योजना क आजु तीनि बरिस पूरा हो गइल हौ।

**********

स्वच्छता ही सेवा अभियान–दुइ हजार छब्बीस आजु से देस भर में सुरू हो गइल। येह बरिस अभियान क बिसय हवे–**स्वच्छता में सहभागिता, स्वच्छ भारत–विकसित भारत।** अभियान के तहत आकाशवाणी गोरखपुर में आजु ठोस अपशिष्ट नियम–दुइ हजार छब्बीस विषय पर एगो सेमिनार क आयोजन कइल गइल। सेमिनार में मुख्य वक्ता के तौर पर वरिष्ठ पत्रकार उमेश पाठक येह नियम के खास बिन्दुअन के बारे में जिकिरि कइलें। येह मौका पर आकाशवाणी वाराणसी क क्लस्टर प्रमुख राहुल सिंह के सथहीं आकाशवाणी, गोरखपुर क कई गो अउरियो अधिकारी आ करमचारी लोगि मौजूद रहलें।

**********